ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№37 (21.695) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 5, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Унафэщlыр Абхъазым и цIыхухэм яхуэгузэващ

КъБР-м и Унафэщl Кьанокъуэ Арсен Абхъаз Республикэм и Президент Бэгъэпщ Сергей щыгъуэ телеграммэ хуигъэхьащ Абхъазым и лпэ президентыгъэ Ардзинбэ Владислав дунейм зэрехьжам кьыхэкIыщу ихуэгузавэу. «Дунейм ехьжащ абхъаз лъэпкъым и кьуэ пэжу, къэрал, политикIэ лъэкьакIуэ Iущу зыкъэзыгъэлъэгъуа цIыху щыпкъэр, Абхъаз Республикэр зыми и унафэ щIэмытыным, ди лъэпкъхэм яку дэлъэзыгъэлъэгъуа ныбжьыкIэгъуэмрэ гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ и Правительствэмри, ди цIыхубэри, сэри дыфхуогузавэ апхуэдэ хэщIыныгъэшхуэ зэрырегъэтам кьыхэкIыу. Дунейм ехьжам и Iыхьлыхьэмрэ и благъэхэмри дазэрыхуэщIыгъуэр тхуажефIэжыну сынывольэлу», - щIыжеIэ телеграммэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

●Щыгъуэ телеграммэ

Зэи тщыгъупщэнукъым

Нобэ дэ кьытлъэсащ абхъаз-адыгэ лъэпкъхэм я къуэ нохъ щIэрыIуэхэм ящыщ зы Ардзинбэ Владислав зэрылам теухуа хьыбар гуаузэр. Ар зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэ псом ис лъэпкъхэм я дежкIэ хэщIыныгъэшхуэ.

АРДЗИНБЭ Владислав и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмкIэ игъэбгъэуащ ди лъэпкъхэм я тхьыдэ, дунейпсо тхьыдэ. Абы и тхыгъэхэр и щIыхьэт наIуэщ а цIыху гъэзэджэр куэд зи нэгу щIэкIа лъэпкъым хьэлэлу зэрыхуэлжьам. Щалъуа хэкум абы хуиIа лъагъуныгъэ иныр и лъэпкъэгъуэхэм я гум игъащIэкIэ иIыпащ.

Нобэрей махуэ хьэлэм дэ абхъаз-адыгэ лъэпкъхэм, а цIыху хьэлэмэтыр зыфIэкIуэда псомэ ящIыгъуу дощыгъуэ. Дэ ди гумрэ ди псэмрэ кьабгъэдэкIыу дахуогузавэ дунейм ехьжам и щхьэгъусэм, и пхъум, и Iыхьлыхьэм.

КЪАНДУРХЭ Любэр Мухьэдинрэ,
Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр.
Бритайнэ, Уиндзор къалэ.

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЗэIущIэр щекIуэкIым.
СурэтырМАМИЙ Руслан трихащ.

Еужьэрэкlыу зыхуагъэхьэзыр

ТекIуэныгъэ Иныр ильэс 65-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным, махуэшхуэм зыхуэгъэхьэзырыным хуэлажь кьыдэгъэзыжащ Iкомитетым и зи чэзу зэIущIэ бзаржьейкIуам КъБР-м и Правительствэм и Iуэм щыIэхэтащ.

АР ИРИГЪЭКIУЭКIАЩ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, зэIущIэм хэтащ Парламентым и Унафэщl **Чеченов Ануар**, Правительствэм и Iэтащхьэ **Меркулов Александр**, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, министрхэр, кьалэ, районон администрацIэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэр кьыщыгъэIуихым Президентым жиIащ къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щыIпIэ администрацIэхэмрэ къэблагъэ махуэшхуэр екIуу, Iэтауэ, гукъинэжу къыщэрагъэпэщын зэрыхуэйр. Апхуэдэуи нэхъыщхьэу гу зылъытапхъэхэр, зэман гъэнэгъум япэу зэфIэгъэжкIыпхъэхэр, махуэшхуэм и пэ кьыхуэу ветеранхэм хуэщIэн хуейуэ кьыльытэжи игъэбелджылащ.

Япэу кьэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан** убгъуауэ тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэр зэриухэр ильэс 65-рэ зэрырикъур республикэм зэрыщагъэлъэпIэну щыкIэм. Министрым кьыхигъэщащ а махуэхуэр зэрагъэлъэпIэнум хуэгъэпса щэнхабзэ программэ убзыхуа зэрыкъэхIыкъар, абы Iуэхугъуэ куэд щекIуэкI елжапIэхэм, IуэхущIапIэхэм, сабийныбжьыщIэ клубхэм Совет Союзым, Урысей Федерацэм я Лыхьужьхэм я щIэхэр яфIэщыным.

Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм социальнэ, мыльку я лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ Iуэхугъуэ пыхьыкIахэр зэрекIуэкIым кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБР-м и лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт.**

- 2010 гъэм мазаем и 1-м тепщIыхьмэ, ди республикэм щопсэу Хэку зауэшхуэм хэтауэ, ныкъуэдыкъуэ щыхъуауэ цIыху 1117-рэ хэкIуадэхэм я щхьэгъусэ 228-рэ, - жиIащ Тюбеевым. - Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми УФ-ми, КъБР-ми закон кьыдэзыгъэкI я орган нэхъыщхьэхэм кьагъуэва хабзэхэм тету, социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр ядот: псэупIэ-коммуналнэ Iуэхугъэбзэхэм техуэ щIэрэгъэмэщIэныр, гъущI гъуэгу транспортым пщIэншэу щызекIуэныр, зыщагъэхьуж щIыпIэхэм пщIэншэу кIуэуэ-кьэкIужьныр, мазэ кьэс е зэгъусэу я гъэхьшэгъэ и чэзум яхуэхэныр, нэгъуэщIхэри.

Цыхуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щрат Iуэхущ1апIэу районхэм щыIэхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ тылым щыIахэмрэ защIэдгъэкъуащ. Апхуэдэуи ветеран 262-м я псэупIэр ремонт щIын зэрыхуеймкIэ лъэIукIэ зыкъытхуагъэзащ. Абыхэм яхуэхтыну ахъшэм и Iыхьэр республикэ бюджетым кьыхэкIынущ, адрейхэр мэлыжьыхьым екIуэжьынымкIэ Iуэ псапащIэ Iуэхуэхэм щызэхэтхьэсынущ.

Кьыхэгъэщыпхъащ, 2009 гъэм санаторэ-курорт путевкэ щIэлъэIуу зыкъытхуэзыгъэза ветеран 125-м ахэр кьаз эрыхудэтхар, и чэзум я узынщагъэм зэрыкIэлъагъэплъар.

АдэкIэ министрыр тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм унэ етыныр, я пэсэпIэр егъэфIэкIуэныр абы ехьэлIа унафэм тету зэрызэфIагъэкIыр; накьыгъэм и 9-м ирихьэлIэу УФ-ми Пенсэ фондым кьыбгъэдэкIыу ветеранхэм сом мин тхурытху, зи щхьэгъусэр зауэм хэкIуэда фызабэхэм сом мин зырыз кьыгъэрыхуагъэхьынур, апхуэдизу дыдэ ди республикэм кьыбгъэдэкIыуи зэрыхущIагъуныр жиIащ Тюбеевым.

КъБР-м узынщагъэр хьуменымкIэ и министр **Бишу Вадим** и къэпсэльэныгъэм кьыхэщащ ветеранхэм махуэ кьэс зыхуэныкьуэ медицинэ дэIэпщыкъныгъэ зэрагъэтыр. Зауэм хэтахэми абы ныкьуэдыкьуэ щыхъуахэми я узынщагъэм щыкIэльэоплъ Республикэ героитологиемкIэ центрым, кьушынэмыщIауэ, кьалэ, район сымаджэщхэм ветеранхэм щIэIэз пэщ щхьэхуэхэр яIэщ.

Накьыгъэм и 7-9 гуфIэгъуэ махуэхэм шынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщынымкIэ щIапхъэхэр кьыхэщу къэпсэльащ къэрал кIуэцIуэхуэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ **Томчак Юрий**, апхуэдизуи накьыгъэм и 9-м гуфIэгъуэ пэрад зэрекIуэкIыну щыкIэр кьыбгъэхуэхэм яжриIащ КъБР-м и дзэ комиссар **Харламов Евгений.**

Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и лъэныкъуэ **Портэ Галинэ** зи гугъу ищIащ зэхэуэ гуащIэхэр КъБР-м и щIыналъэмэ зэрыщекIуэкIыну щыкIэм, Хэкум и хъумакIуэ пэж куэд ди лъахэм зэрисащ. Абы ипкъ иткIэ, кьыхальхьа Iуэхум «Зауэ щIыхьым и кьалэ» щIэлъапIэр Налшык къыфIелъащыным - ерыщу нужь итыну кьыхуриджащ республикэм и унафэщIэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен балъкъэр лъэпкъым, республикэм ис псомэ

Зэрызахуигъазэр

Си хэкуэгъу лъапIэхэ!

Гъатхэпэм и 8-м дэ кьызытыдодэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гуэзэгъуэ дыдэхэм ящыщыр - ди къуэш балъкъэр лъэпкъым хабзэншагъэ щыкIэлъыдзэрахьа махуэр, ар залымыгъэкIэ Курыт Азиемрэ Къэзахьстанымрэ щагъэIэпхъуар ильэс 67-рэ щрикьур. Нобэ дэ ди щхьэр дыахьшэу яхудогъэщхъ залымыгъэмрэ хабзэншагъэмрэ текIуэдахэм, щалъуа хэкум кьэзымыгъэзэжахэм я фэеплъ нэхум.

Балъкъэр лъэпкым гъэунэхунигъэ зыхьлъэ хэхуауэ щытащ. Ауэ абы псори ишэчащ, и гуащIэмрэ и кьарурмрэ ихьумауэ щалъхуа щыналъэм кьигъэзэжри гъащIэщIэ ухуэным жыджэру евэлIэжащ. Иджы щэч кьытыумыхьэу жыпIэ хъунущ экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зыужьныгъэ я лъэныкъуэкIэ лъэпкым ехьулIэныгъэшхуэхэр кьыззэрихьар.

Щэч кьытесхьэркъым балъкъэрхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я кьэжIунур зэрыдадэм, республикэм ис псомэ я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ мыкъутэжыну зэрыбыдэм. Аращ ди республикэр efIэкIуэнымрэ зиужьныныкIэ щэсыпIэр.

Информацэм зегъэужьыныкIэ совет

КъБР-м и Правительствэм деж кьыщызэрагъэпэщащ информацэм зегъэужьыныкIэ ззэзгъэуIу совет. Абы и унафэщIыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и лпэ кьуэдзэ Тхьэзэпльэж Мурат. Советым хагъэхьащ властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, муниципальнэ органхэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэмкIэ щIыналъэхэм ящыщхэр. ЗзэзгъэуIу советыр чэнджэщзэгъу органщ икIи абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ КъБР-м и гъэзэщIакIуэ властыр, жылагъуэ зэгухьэныгъэр, щIэныгъэ Iуэхущlапlэхэр информацэм зегъэужьыным кьыхэзгъэпэщынщ.

Советым и гъэхьэзырыр КъБР-м и Правительствэм кьыщыхилъхьэнущ информацэм зегъэужьыным пыща Iуэхуэхэр.

Советым хуитыныгъэ иIэщ езыр зыхуеину материалхэр зыхуэфащэ Iэнатlэхэм кьалIихьну, иригъэкIуэкI зэIущIэхэм кьулыкIуэ зыIыгъ цIыхухэр кьригъэблагъэну, кьэралым властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIэныгъэ Iуэхущlапlэхэм информацэм зегъэужьыным пыщIауэ ядалэжьэну.

Советым и зэIущIэхэр мазес кьэс зэ нэхърэ мынэхъ мащIэрэ иригъэкIуэкIынущ.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

●Шэджэм куей

Бгырыс къуажэхэм папщIэ

Шэджэм муниципальнэ районым щIэпсэухэзбжьауэ щагъэзащIэ узынщагъэр хьуменымрэ щIэныгъэ-производственнэ комплексым и куейм ехьэлIауэ федеральнэ, республикэ программэ хэхахэм кьаIэгъуэвхэр.

БЛЭКIА ильэсым и закъуэ физиотерапевтическэ Iэмэпсымэщlэхэр республикэ программэ хэхам иткIэ кьаIэрыхьащ медицинэм и Iуэхущlапlэу Будунгу, Шэджэм Ищхъэрэ, Лашныкьей, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэхэм дэтхэм. «Узынщагъэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу 2009 гъэм районым и медицинэ Iуэхущlапlэ псомэ зэхэту сом 1 мелуаным щIигъу и уасэ Iэмэпсымэщlэхэр зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдизу районым поликлиникэм и унэр зэрагъэпэщыжащ, нэм щеIэзэ, хирургие, сабийхэм щеIэзэ отделенэхэр кьагъэщIэрэщIажащ.

●Аруан куей

Хьэршым теухуауэ зэдэлэжьэну зэгурыIуащ

**КъБР-м и Правительствэмрэ Федеральнэ космическэ агентствэмрэ хьэрщым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм кьрикIуэкъэ кьэзэбпыным теухуа зэгурыIуэныгъэ иджыблагъэ зэращIыпIа нэужь, «Урысейкосмос»-м и лIыкIуэ, «Рекорд» щIэныгъэ-производственнэ корпорацIэ» ОАО-м и унафэщI Безбородов Вячеслав Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым еблэгъащ. Ар студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я IущIащ икIи «Рекорд» ОАО-мрэ КъБКъУ-мрэ зэрызэдэлэжьэхэм теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ.

ЗэIущIэр кьыщызэIуихым КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий жиIащ дунейм кьыщыхьу зэхьэжьныныгъэшхэм еджапIэ нэхъыщхьэр дэбакьуэмэ, абы екъулIэныгъэ нэхъыбэ зэрилэнур. Безбородовым егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ щыгъуэзэ я IущIащ «Рекорд» ОАО-м и лэжьакIэм, я къэхутэныгъэхэр сыт хуэдэ Iэнатlэхэм кьащыбгъэсэфэн хьунуми.

- ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ хьэрщым мыкъэнэзыгъэ зэрилэр гурыIуэгъэгъуэщ. СистемэщIэхэр зэтеухуауэ лэжьэныкIэ, Iэрыхуэу кьэдгъэсэфэн хъунымкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр тегъэщIапIэ тхуэхьуфынури. Хьэрщ технологиехэр КъБР-м и экономикэм и Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм кьыщыбгъэсэфэн хьунущ. Псалъэм папщIэ, гъуэгухэм шынагъуэнщагъэр кьыщызэгъэпэщынымкIэ, дунейм и кьэхъукъащI шынагъуэхэм я хъыбар и чэзум кьэтщIэнымкIэ, щыуэзэ хъугъуэфIыгъуэхэр кьэгъуэтынымкIэ, ахэр кьызэрыбгъэсэфэн хьуну щыкIэхэр джынымкIэ, ухуэныгъэшхуэхэр щебгъэкIуэжкI хьуну щыпIэхэр убзыхунымкIэ, щыпIэ цифровой картэ щынымкIэ, мэкъумэщ хозяйствэм спутниковэ мониторинг щегъэкIуэкIынымкIэ, нэгъуэщI Iуэху зэхуэмыдэхэм, - жиIащ Безбородовым.

Зэращыпlа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, еджапIэ нэхъыщхьэм хьэрщ технологиехэм ирилэжьэфынущ щIэныгъэлIэр щагъэхьэзырынущ, еджапIэ-инновацIэ центрхэр кьызэрагъэпэщынущ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Хьэкущlэр нэхъыфIу мэлажьэ

●Май куей

фIагъ льагэ зэриIэр кьызэрыхагъэщащ. Нэхъапэм заводым цIыхухэр плIанейрэ зэбгъэкIуэу щылажьэу щытамэ, нобэ ар ды сменэм хуэкIуащ. Ди гугъэщ къыщIэдгъэкI продукцэм лIэужьыгъуэ зыбжанэ кьыхэдгъэхуэну. Псом хуэмыдэу нэхъыбэу ди нэIэ тетщ кьыщIэдгъэкI IэфIыкIэхэм, - жеIэ заводым и унафэщI Уразаев Анзор.

Дауи, мы зэманым заводым кьыпеуэзэр куэд мэхъу, ауэ зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэм я фIыгъэкIэ абы и пщIэр иIыгъщ икIи щэхуэкIуэхэм кIэрыкуэрыкъым, кьаэхъуэ мыхъумэ.

ДЖЫЛАХЪСТЭН ТIутIэ.

Псом нэхърэ нэхъыщIэщ

АБХЪАЗ. *НэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ министру Гвинджие Максим ягъэуващ. Зэрыщlэщи, абы и пэкlэ я къулыкъур зыIэщIэпlа Шамбэ Сергей Абхъазым и правительствэм и унафэщlу ягъэкIуащ.*

МИНИСТРХЭМ ящыщу нэхъыщIэ дыдэ Гвинджие Максим нэмыщI, а къулыкъым щIэбэнащ Абхъазым и президентым и дIэпыкъуэгъу Чирикбэ Вячеслав.

Гвинджие Максим 1976 гъэм Сыхъум къыщыдалъхуащ. 1998 гъэм щIэныгъэ ищхьэ Украинэм щэригъэгъуэтащ, Гарвард, Уэльс Ипщэм я университетхэм щеджащ, дипломат лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIащ, унагъуэщ, биниц иIэщ.

Хадзэхкlэхэр - мэзкуудзэхэм

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и теплиц хозяйствэхэр кьызэрагъэпэщыжыну Мэзкуу и мэрием сом мелардым щIигъу дыдэхэр иIэсхэм кьиутыпщыну.*

МЭЗКУУ правительствэм и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ ди къэралым кьыщыхьуа хадзэхкIэхэр гъатхэм мэзкуудзэхэм я стIолым нэхъ псынщIэу кьыстекIынущ икIи камэ кьэралхэм кьрашхэм нэхърэ ахэр куэдкIэ нэхъыфIщ.

Адыгэ нэтынхэр - Иорданым

АДЫГЕЙ. *Республикэм Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ. лъэпкъэгъуэм запыщIэныпмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэ-хэмкIэ и комитетым Иорданым и «Нарт-ТВ» спутник телевиденэм иджыблагъэ дэлажьэн щIидзащ.*

- «НАРТ- ТВ»-м етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Адыгеим теухуа нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр компанием пщIэншэу зэхуэдгъэхьынущ. Псалъэм папщIэ, а къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ятеуха «Дуней псом щыпсэу адыгэхэр» нэтынхэр игъэлъэгъуащ. Абы нэмыщIкIэ, яхуэдгъэхьащ «Медея» спектаклыр, «Налмэс», «Ислъэмей» къэфакIуэ гупхэм ятеуха нэтынхэр. Идыгъуэгъэхьащ «Нарт- ТВ»-м щхьэкIэ программэ гъэщIэгъуэнхэр, - жиIащ «Адыгеи» ГТРК-м и унафэщIым и къуэдзэ Тlэш Светланэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Нарт-ТВ» компаниер 2007 гъэм щегъэжьауэ жащи махуи мыувыIэу мэлажьэ икIи абы и нэтынхэр, нэхъыбэу адыгэбзэкIэ, къэралыгъэ куэдым щагъэлъагъуэ, Урысей Федерацэри зэгъэ.

Псом нэхъыщIэ

Жэуапым ирашалIэ

АР-м и Суд нэхъыщхьэм 2009 гъэм къриубыдэу административнэ жэуап зэхуэмыдэхэм цIыху мин 17-м щIигъу иришэлIащ.

СУД нэхъыщхьэм и пресс-Iуэхущlапlэм кьызэритамкIэ, жэуапым ирашэлIа цIыху мин 17-м щыщу мин 5,6-р ягъэтIысащ, мини 7,3-м къуэдзэ зэхуэмыдэхэр тралъхьащ, псори зэхэту сом мелуани 7,2-м нэблагъэ.

ХЬэщIыкъуэй Олег.

Хьэршым теухуауэ зэдэлэжьэну зэгурыIуащ

КъБР-м и Правительствэмрэ Федеральнэ космическэ агентствэмрэ хьэршым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм кьрикIуэкъэ кьэзэбпыным теухуа зэгурыIуэныгъэ иджыблагъэ зэращIыпIа нэужь, «Урысейкосмос»-м и лIыкIуэ, «Рекорд» щIэныгъэ-производственнэ корпорацIэ» ОАО-м и унафэщI Безбородов Вячеслав Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым еблэгъащ. Ар студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я IущIащ «Рекорд» ОАО-м и лэжьакIэм, я къэхутэныгъэхэр сыт хуэдэ Iэнатlэхэм кьащыбгъэсэфэн хьунуми.

- ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ хьэршым мыкъэнэзыгъэ зэрилэр гурыIуэгъэгъуэщ. СистемэщIэхэр зэтеухуауэ лэжьэныкIэ, Iэрыхуэу кьэдгъэсэфэн хьунымкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр тегъэщIапIэ тхуэхьуфынури. Хьэршт технологиехэр КъБР-м и экономикэм и Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм кьыщыбгъэсэфэн хьунущ. Псалъэм папщIэ, гъуэгухэм шынагъуэнщагъэр кьыщызэгъэпэщынымкIэ, дунейм и кьэхъукъащI шынагъуэхэм я хъыбар и чэзум кьэтщIэнымкIэ, щыуэзэ хъугъуэфIыгъуэхэр кьэгъуэтынымкIэ, ахэр кьызэрыбгъэсэфэн хьуну щыкIэхэр джынымкIэ, ухуэныгъэшхуэхэр щебгъэкIуэжкI хьуну щыпIэхэр убзыхунымкIэ, щыпIэ цифровой картэ щынымкIэ, мэкъумэщ хозяйствэм спутниковэ мониторинг щегъэкIуэкIынымкIэ, нэгъуэщI Iуэху зэхуэмыдэхэм, - жиIащ Безбородовым.**

Зэращыпlа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, еджапIэ нэхъыщхьэм хьэрщ технологиехэм ирилэжьэфынущ щIэныгъэлIэр щагъэхьэзырынущ, еджапIэ-инновацIэ центрхэр кьызэрагъэпэщынущ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● КъБР-м и Парламентым

ЩытыкІэм щытопсэлъыхь, хэкІыпІэхэр къыщалъыхъуэ

«КъБР-м псэупІэхэр щыухуэным и Іуэху зыуТымрэ а ІэнатІэм зегьэужьыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ». Арац зыгъеухуауэ щытар республикэм и хабзэгъэуп орган нэхъыщхьэм и Унафэщі Чечеков Анчер ГъатхэпІэм и 1-м иригъэкІыжІа парламент зэІуІэр.

ЗЭІУЩІЭР кьыщыІэуэфым абы кьыхигъэщащ кьыхалъхьа Іуэхугъуэр ди щыналъэм икъулІэ зэрыщыткІийр. Щыхуэхэр псэупІэкІэ хуабжьу гугъу ёхьа, абыкІэ республикэм щыпсэуэхэр кьыззыззэрагъэпэщыр ик у иту Урысейм щыщыІэ бжыгьэхэм жьыжьэуи льэщыкъэрхьым. Щыхуэ мин 35-м щІигъу унэ кхъахэхэмрэ ныкъуэкъуэтэхэмрэ щэсщ, унагъуэ мини 4,5-м нэблагъэ общежитэхэм щащ. Псом хуэмыдэжу, Налшык кьалэм щытыкІэр щыгугъущ, щыпсэуи эрамыІэм кьыхэкІыу, щалэгъуалэм унагъуэ яухуэркьым, сабийуэ кьалъхьир мащІэщ.

КъБР-м Жу зэнаІыгьэмрэ архитектурэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Кхъуэлуфэ Иринэ** кьызэригъэльэгъу амкІэ, «Урысейм и щыхуэхэм - псэупІэ тэмэм» льэпкъ проектыр кьыщыхальхьа 2006 гъэ льандэрэ ди республикэм псэупІэу метр зэбгъуэзэнатІэ мин 792,6-рэ щатащ, ауэ абы и процент 90-м нэб ІаталІэ ёзы щыхуэхэм яухуэжащ.

- 2002 - 2010 гъэхэм тещІыхьа «ПсэупІэ» федеральнэ программэ хэкам «УнэгъащІэх зр псэупІэкІэ кьыззэгъэпэщын» и программэ гуэдзэмрэ нэгъуэщІ законодательнэ, нормативнэ актхэмрэ зэрыщыбзыйуам ятету щыхуэхэм даДоІэпыкьу. «ПсэупІэ хэр щаухуэну щы Іыхьэ хэр коммунальнэ инфраструктурэхэмкІэ кьыззэгъэпэщын» программэ гуэдзэм ипкъ итКІэ, «КъуэкІыпІэ» хьэблэм и проектсметэ тхылъхэр гъэхьэзырыным республикэ бюджетым нэгъабэ сом мелуан 17-м щІигъу щытухахати, мелуани 10-рэ мин 222-рэ кьэдгъэсэбэпащ, - жиІащ министрым и кьуэдзэм . - «Коммунальнэ инфраструктурэм и объектхэр зэрырагъэфІекІуэнхр программэ гуэдзэм 2009 гъэм кьыхуэтІыпщащ сом мелуан 208,6-м щыщу мелуани 199-м щигъуэр кьыпІэрыхьащ икІи кьанэ щІагъуэ щымыІэу Іуэхум хэтлъхьащ.

Кхъуэлуфэ Иринэ кьыІэрыхгъэщамкІэ, псэупІэу яухуэм хагъэхъуэн мурадкІэ, 2000 гъэм кьрагъэжьауэ щытахэр и кІэм нагъэсыну. Налшык кьалэм и «КъуэкІыпІэ» хьэблэм гектар 260-рэ и ибыдыу щагъэбелджьыла щыпІэм метр зэбгъуэзнатІэ зы мелуанрэ мини 147-м тещІыхьа унэх эр щаухуэнущ. Абы те уэхуа инвес тицэ проектым УФ-м ЩІынальэхэм зегъэужьыныкІэ и министерствэм щыхэпльэ. Республикэм и кьалэхэм щрагъэжІуэкІ нэгъуэщІ лэжьыгъэхэмэ я гугъу щищІым, щъэпсэльъа кьиІэльльа, сэуп1ущ зэрауха уэ пІальэм арэзы укьыззэримыщІыр, абы кьыхэкІыу я щхьэ Іуэху зэрыдагъэкІыжьыным щыхуэхэр тегьэгушхуэн зэрыхуейр. «ПсэупІэм республикэ программэ хэхам ипкъ итмІэ, 2012 гъэ тІщІэгъэ псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мелуани 2,3 - 2,5-рэ ятыну я мурадщ. Абыхэм ящыщу метр зэбгъуэзнатІэ зы ме льанрэ мин щитІыр есэ щыхуэхэм яухуэжьын хуейуэ трауху.

- Кьрагъэжьа ухуэныгъэхэр и кІэм нагъэсын щхьэкІэ, щыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм куэд кьаІэпыкІуэ. Абы папщІэ аухуэдэу унэ кьыкъуэщхэр зыхуэгъэкьаруунухэм зэрыратыну щІыкІэр яубзыхун, мылькуКІэ зэгъуэсэу зэрыхьхьэну Іэмалыр ягъэбелджьылын, щхьэзэкьуэу псэупІэ уху энытэм (ИЖС) льэныкьуэ гсомкІи зиужьыкІ папщІэ, хэкІыпІэтэмэм кьыхуэзгъэпэщын хуейщ. Щыхуэхэр мылькуКІэ зыпэлъэщыну псэупІэ ящэныр Іупщу убзыхуэуэ щытынкІэ республикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Ар щыгъэбелджьылащ 2022 гъэ пщІондэ КъэбэрдейБалъкъэрым игъуэтыну социальнэ-экономикэ зыкъыкьыІэм, - кьыкиІэбдзэльыкІащ Кхъуэлуфэ Иринэ.

Я Іуэху епльыкІэхэр Парламентым щыжаІащ Налшык кьалэм и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Сорокин Викто**р, Проходлинэ кьалэ администрацэм псэупІэ-комунальнэ хозяйствэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Махонин Дмитрий**, «Трест Ай-Би-Си Промстрой» ООО-м и Іэтащхьэм и кьуэдзэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Войтов Алексей** , «КъэбэрдейБалъкъэрым и республикэ ипотекэ корпорацэ» ОАО-м и нэхъыкІэ **Рудь Максим** сымэ.

КъБР-м и Парламентым и Тхъэмадэ Чечеков Ануар, абы и кьуэдзэ **Бозий Натбий**, зэІуущэм хэта адрейхэм кьэпсэльахэм ущІэкуэдкІэ зыхуэгъэзащ, кьыхальхьа Іуэхугъуэм нэхъыщхьэу хапльагъуэхэр ягъэбелджьылащ, япэ игъэщІыпхьэу кьальытэхэр ягъэнэІуащ.

Жаіам арэзы техьуа нэужь, Парламентым Уху зыщІэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым кьыззэригъэпэщащ зэІуІэм хэтахэм республикэм и Правительствэм хуэгъэза чэнджэщхэр кьащтащ.

АРУАН Алий.

Меркулов Александрэ Гъащтэ Аурикэрэ. *Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЦІыхухэр къызэрыхатхыкІынум зыхуагъэхьэзыр

● ЗэІущІэхэр

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Меркулов Александр иригъэкІуэкІащ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 14-25-хэм цІыхухэр кьыхэтхыкІынымкІэ зыхуэгъэхьэзырыныр ар егъэкІуэкІыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм и зэІуІэ.

Правительствэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуэкІащ мы зэманым муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэжІуэкІыну кьазэрыпэщыгъуэ. Абы теухуауэ мыгувэу конференцэ кьызэрагъэпэщынущ икІи республикэм и кьуажэ, кьалэ псоми щыІэ щІыналъэ комиссэу 168-м я кьалэнхэр яГъэбелджьылынущ.

Кьэрал статистикэмкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Гъащтэ Аурикэ** зэрыжиІамкІэ, Урысейм псом щыухуэр кьызэрыщыхатхыкІынум зыщыхуагъэхьэзыркІэ, кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ щыпсэуэр зыгъэзэужьыныкІэ и министерствэм щыухуэнкІэ. Республикэм и кьалэхэм щрагъэжІуэкІ нэгъуэщІ лэжьыгъэхэмэ я гугъу щищІым, щъэпсэльъа кьиІэльльа, сэуп1ущ зэрауха уэ пІальэм арэзы укьыззэримыщІыр, абы кьыхэкІыу я щхьэ Іуэху зэрыдагъэкІыжьыным щыхуэхэр тегьэгушхуэн зэрыхуейр. «ПсэупІэм республикэ программэ хэхам ипкъ итмІэ, 2012 гъэ тІщІэгъэ псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мелуани 2,3 - 2,5-рэ ятыну я мурадщ. Абыхэм ящыщу метр зэбгъуэзнатІэ зы ме льанрэ мин щитІыр есэ щыхуэхэр яуухуэжьын хуейуэ трауху.

- Кьрагъэжьа ухуэныгъэхэр и кІэм нагъэсын щхьэкІэ, щыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм куэд кьаІэпыкІуэ. Абы папщІэ аухуэдэу унэ кьыкъуэщхэр зыхуэгъэкьаруунухэм зэрыратыну щІыкІэр яубзыхун, мылькуКІэ зэгъуэсэу зэрыхьхьэну Іэмалыр ягъэбелджьылын, щхьэзэкьуэу псэупІэ уху энытэм (ИЖС) льэныкьуэ гсомкІи зиужьыкІ папщІэ, хэкІыпІэтэмэм кьыхуэзгъэпэщын хуейщ. Щыхуэхэр мылькуКІэ зыпэлъэщыну псэупІэ ящэныр Іупщу убзыхуэуэ щытынкІэ республикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Ар щыгъэбелджьылащ 2022 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым игъуэтыну социальнэ-экономикэ зыкъыкьыІэм, - кьыкиІэбдзэльыкІащ Кхъуэлуфэ Иринэ.

Я Іуэху епльыкІэхэр Парламентым щыжаІащ Налшык кьалэм и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Сорокин Викто**р, Проходлинэ кьалэ администрацэм псэупІэ-комунальнэ хозяйствэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Махонин Дмитрий**, «Трест Ай-Би-Си Промстрой» ООО-м и Іэтащхьэм и кьуэдзэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Войтов Алексей** , «КъэбэрдейБалъкъэрым и республикэ ипотекэ корпорацэ» ОАО-м и нэхъыкІэ **Рудь Максим** сымэ.

КъБР-м и Парламентым и Тхъэмадэ Чечеков Ануар, абы и кьуэдзэ **Бозий Натбий**, зэІуущэм хэта адрейхэм кьэпсэльахэм ущІэкуэдкІэ зыхуэгъэзащ, кьыкальхьа Іуэхугъуэм нэхъыщхьэу хапльагъуэхэр ягъэбелджьылащ, япэ игъэщІыпхьэу кьальытэхэр ягъэнэІуащ.

Жаіам арэзы техьуа нэужь, Парламентым Уху зыщІэмкІэ, псэупІэ-комунальнэ хозяйствэмрэ гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым кьыззэригъэпэщащ зэІуІэм хэтахэм республикэм и Правительствэм хуэгъэза чэнджэщхэр кьащтащ.

АРУАН Алий.

● Гъатхэпэм и 8-р балъкъэр льэпкъыр и льахэм щрагъэжІа махуэщ

А зэман дыджым

1944 ГЪЭМ и гъатхэпэр уэфІу щытащ. Уеблэмэ бгылъэ щыІэхэм щыІэ балъкъэр къуажэхэмэ я хадэ тІкІуэхэр сэгуъэм хуагъэхьэзырырт. Щіым хуабэр пасэу хыхьат. Зауэ Іэнатіэм къикІ ХъыбархэрэІ узыгъэгушхуэт: советыдзэхэр льэныкьуэ псомкІи фашист Германием и къарурэм щебгъэзыжьауэ Зыми Іей игу кьэкІыртэкьым. Совет зауэлІхэр автомашинэхэмкІэ балъкъэр жылагъуэм щыдашами, зыми и щхьэ мыгъуагъэ хуиХьыжакъым: жаІэрт а зауэлІхэм зрагъэгъэлэсэхун, абыхэм я узыншагъэр зэфІагъэувэжьын мурадкІэ, жьы кьабзэ здэщыІэ щІыпІэм кьагъэлэсэхуауэ.

Арщхьэкіэ псори нэгъуэщІ кьыщІэкІащ. Гъатхэпэм и 7-м и пщыхьэщхьэм щІыхухуэхэр зэхуашэсри, клубхэм щІауфыдащ. Кьуажэхэр кьэзыуфыжьа совет зауэлІхэм хуэмыдэ хьэныр кьызыхэкІар сыт? Дауи, Сталиным и закъуэкьым ар зигу кьэкІар...

Балъкъэр щІыу минхэр Іущ зэрызэрашэ вагонхэм илЫхьащ, куэдым кьвззэгъакьым здаща щІыпІэ жьыжьым щІыдуней щІытыкІэр. Мэжэщіалагъэм, щІыІэм илЫкІахэри мащІэкьым.

Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьри зэгуэр ехъ. Тхыдэм апхуэдэу куэдрэ кьызэрыщыхьуащи, зауэгъэзэм гъуэгу ягъуэтыж.

Балъкъэрэмри лей зытехьа нэгъуэщІ лъэпкъхэми апхуэдэу кьахущІэкІащ 1957 гъэр. Абы щыгъуэм унафэ кьыдэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэр зэфІэгъэувэжьыным теухуауэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ балъкъэрхэр хей хуЖащ икІи абыхэм я льахэм кьагъэзэжащ. ЖьІэн хуейщ адыгэхэм ахэр хуабжьу Іуапэу кьэзэрыгаръэ. ЩІыпІэ зэрадэІэпыкъуар. Балъкъэр льэпкъыр псынщІэу кьызэфІэувэжащ ди республикэм и щІыху псори зэрадэІэпыкъуам и фІыгъэкІэ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Юрьевкэ жыжьэм и нэху

Ильэс 66-рэ и пкІэ си льэпкъым кьытепсыхауэ щыта тхъэмыщІагъэ иным теухуауэ ятхари жаІари мащІэкьым. Инжьыпкъкіэ, щыхум и фэм дэмыхуэным хуэдизщ абы и нэгу щІэкІар, нгьэвар, хамэщІым кьыщигъэльэгъуа лЫгъэмрэ лжьэкІэмрэ.

А ПСОР зыльэгъа, псэзэпльтхьэпІэ Іэджэм кьела сэри куэдрэ си гум кьыпопльэдж дыгърыщІагъэ ныпыджэмрэ дызэрымэжэщІагъэм щхьэкІэ къэмынэу, еджэным дыхуэпабгъэу зэрыщытар.

Льаэхэм драшу Кьэзахъстан Ищэм и Туркестан кьалэм дыщагъэІэпхъуа 1944 гъэр ди джэкІэ хуабжьу хуэпІэу кьыщІэкІащ. МэжэщІалІагъэм, хуабэмрэ узымрэ яхьащ си анэр Хьэлимэт, си кьуэш, си шыпхьу цыкІуэхэр Хьэсэн, Асият, си анэшхуэ Аишат, си адэшхуэм и кьуэш Исса, абы и щхьэгъуэ Сэлимэт, нэгъуэщІхэри. Псори зэхэту цІыху 14. Си шыпхьу Марьямрэ сэрэ зеиншэу дыкьыщынэм, Таукенов Ахия и фІыгъэкІэ, Сабий унэм дратауэ щытащ. Япэ классым нужьКІэ, пионер лагерь гуэрым дыщыІэу дыкьагъэуствэрри, зауэм ямыхашаща ди адэр ЗдагъэкІуа Къыргьызым и Сын-Таш жьэгъуЩІэ кьуажэм дашэжащ.

ГъэщІэгъуэныр аратекъэ, «школым кІуэ», - жаІэу адэ-анэхэм зэи дыхагъэзыхьыртэкьым, дерсхэр щытщІыжкІи кьыддэІэпыкьуртэкьым. Абы щыгъуэми, хэтыт щІэмыхъуэпсыр и щІэблэр узынщэу, губзыгъэу, зэхэщІыкІ нІэу кьэхъуну?

Кьэдрэ сегупсысащ а Іуэхум. ИтЕанэщ си щхьэм кьыщихьар. Зи льаэхэм пЭщІэ, хуитыныгъэ гуэрри зимыІэ адэ-анэхэр жэщи-махуи колхоз губгъуэм итти, а псор кьафІэІуэхуэтэкьым, кьалэжь трудоденьим кьыпэкІуэ зэрыщымыІэм я щхьэр щІригъэхьат. Арами, я льэр щІэхуртэкьым, заІыхт, нэхъыфІым пэпльэрт. А Іуэхум и пэхур, сабиипсэм зыхищІэу, дэри кьытльэІэсырт.

Гъэмахуэ зэманхэм деж дыгъэ жьэражьм дыхэту щхьэмыжжэ зэхуэтэсырт, къэуаэзмрэ мэкъумрэ зэтетльхьэрт, жэгундэмрэ нартыхумрэ ІэкІэ дыпщІэрт, нэхъыжьмыІуэхэм кьжІыгъэхэм псы щагъэльадэрт. Бжьыкъэм дыкьаутІыпщыгри, фошыгъу жэгундэр Іудагъэхьыкьрт.

А зэман хьэлъэм сипсыхьат. Жьыуэ сыкьэтэджу, гувауэ сыгГуэлъыжу сесат, нобэ схуэщІэнур пщэдей нэгъэсырт зкьым. Иужькіэ а псор гъашІэм кьыщыщхьэпэжащ. Блэкіа жьажьм сыщрипльэжкІэ, сымыгъэщІэгъуэн сльэкІыркъым зы махуэм кьрифыбдэу лжьхьгъэу зэфІэтхэу щытам и куэдагъэ!

Школ нэужьым унагъуэ Іуэхуэхэм яужь сихьэрт - жэмыр псафэ дэзгъэкІырт, бор кьэстхъурт, пхьэ скьутэрт. Ар щІымахуэрт. Гъатхэм щегъэжьауэ бжьыхьэ пщІондэ хадэм силжьыхьырт. Нартыхур хьэдэз зырызу хэссэрт, зыбжанэрэ сыпщІэрт, псы щызгъащІэртэкьым. Ди хадэм кьыщыдэтчыжьым дримькъуу, колхозым бдэгъэду щІы гЕктарым нэс кьыщеІытхи щыІэт.

ДыздагъэІэпхъуа щыпІэм мэз щыІэтэкьым. Абы кьыхэкІыу, гъэмахуэм хьэуазэрэ кьэрэкъурэкІэ дыпщафІэрт, щымахуэм бгылъэ щыпІэхэм кьуаупчыщэ щызэхуэтхэсырт, зи ныбжь хуэкІуэтауэ кьуажэм дсхэми защІэдгъакьурт.

Дэри дыкьыдэкІуэтеиху нэхъыфІу зэрыгьтхуэпэным дыхущІкьурт. Гъмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэхэм я гІэ чырбий щІэлъэжу колхозым дыхэтт. Дыщылажьэр ди унэм пэжжьэ-зтн, тхъэмахуэ енкІэ ерыскьы пщтырр псы кьабзэрэ щытІумыхуэр нэхъыбэт. ЩІакъъэуэр фошыгъуэр фІэкІа кьыдамытми, лэжьыгъэр кьэдгъэтІасхьэртэкьым. Зымахуэ гуэрым Мammeев Далхатрэ сэрэ баз дыхэпихьри, чырбыш мин зыкъ дгъэжащуэ щытащ. Ди гугъуехьыр псыхэкІуадэ хъуахьым, гъэжьгъуэщІэм дызэщыхуэпыкІауэ щІэддзэжащ.

Школьм зэрыщрагъаджэр кьыргъызыбзэти, кьыстехьэлъэртэкьым, тыншу кьызэхьулІэрт, ауэ урысыбзэм сыхигъэзыхьырт. Ар нэхъ куууэ зджьм мурадкІэ, си ныбжьыгъэ цыкІухэми хуэдэу, Юрьевкэ кьуажэ гъуэгуэрым дэт урыс ГъэІэпхъуэм сыщІэтІысхьащ.

Си сабиигъуэр а жьыгъм кьыгуэхьипІэ имыІэу епхащ. Абы щыпсэурт урысхэр, украинхэр, кьэрэшейхэр, балъкъэрхэр, курдхэр, нэгъуэщІ льэпкъхэм щыщу зи хэкур зрагъэбгынахэр.

Ахуэдизкіэ урысыбзэм дитьхэкъуатин, щыуае бзаджи, щыуэлбанэ кІыхьи школым зыкьыкІэрыдгъэхьуртэкьым. Градус 30 хьуІЫ щыІ ди сыхэту ваКъэ щІэтхъакІэ гъуэгуанэу зэпычар мащІэкьым. Юрьевкэ жаІэ колхоз губгъуэр кьыщыльтт. Абдеж сызэрыпсэу си гурыІуэгъуэ кьаж эзпытт. Си гуфІэкІэм дэлъ чыржьныр кьыдэсхьыри, узэщІ тесщхьыкьыжу сэгъэмэрэкІуэхырт. КьысфІэщІырт абы нэхърэ нэхъ ерыскьы Іэфі дунейм темытру.

Урыс школым кІуэну щІэхъуэпсэхэр нэхъыбэ хьуртти, Сын-Таш дэт еджэнІэм и унафэщІхэр абы хуабжьу игъэпейтейрт. Завуч Мурзалиев Жуманалы ар кьызэтригъэувыІэну нпъэс псокІэ ягъэ итами, зыри кьыкІакьым. Уеблэмэ абы и кьуэ ягъэкІыжь Шайлобек ди школым ныщІэтІысхьат. Шайлобек сэрэ зы классым дыщІэст, зэныбжьэгу дызэхуэхъуати, дерсхэр зэгъуэсу тщІыжьт...

1957 гъэм дыгъэгъазэ мазэ щыІэу си гъэпсыгъуэ ныбжьэгъуэм хэкум скьыригъэжьажауэ щытащ. ИужькІэ куэдрэ дызэхуэтхащ. ИтІэс зыбжанэ и пкІэ кьытхуэблагъэри, а зэман жьажьм зы школым кьащыдледжахэу Таукенов Хьэлэмэт, Гузеевхэ Исхьэкъ, Жаиал, Камал, Мammeев Ахьмэд сымэ я деж щыхьэІащ.

МащІэжьым балъкъэрэ кьыргъызэ благъагъэкІэ зэрыщыбдахэр. А зэман хьэлъэм инсыхьэ зэныбжьэгуГъэ быдэм ди льэпкъхэр егъэбжьыфІэ, абы ди щІэблэм дяпэкІи зэрыпащэнум щхьэ кьытесхьэркъым.

ЕгъэджакІуэхэмкІэ Тхъэ кьытхуэуцат. Ахэр ноби Іупщ1у си нэгум щІэтщ. Кьэдрэ ІэфІу сигу кьоКІыж химинмкІэ дезыгьаджэу щыта Осипов Николай Иван и кьуэр. Ар щыгъуэм узэрыгъэкьуам фэращ, ди хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщІэ фи кьару фебгъэжаклым. КьыгщІэхьуэ щІэблэр фхуэфащэу, фэркІэ гушхуэу кьэгурыІупсыр кьажэ эзпытт. Си гуфІакІэм дэлъ чыржьныр кьыдэсхьри, узэщІ тесщхьыкьыжу ег